




# Home Link - Haitian Creole

**(Lyen ak Lakay) Inite 5: Lonbraj ak Reflè: Semèn 5**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou lonbraj ak reflè. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: \_\_\_\_\_

**Dekouvèt**

**Jwe ak lonbraj:** (Anrapò ak *Dreams* ak *Kitten's First Full Moon*)

Klere yon flach sou yon espas blanch sou yon mi oswa sou yon dra ki kouvri yon mèb. Sèvi ak yon limyè flach oswa ak limyè ki nan telefòn ou an. Envite pitit ou an pou l fè kèk lonbraj ak men li. Diskite ak ki sa lonbraj yo sanble (yon zannimo, kreyati, fòm, et setera.) Mande pitit ou an pou l dekri chak sa l kreye yo.

**Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Ki sa k rive si limyè a pi prè/pi lwen men w?
- Ki imaj w ap kreye?
- Se ki jan w bouje men w?

**Alfabetizasyon**

**Resita Ansanm:** Sa a se yon powèm pitit ou an te aprann lekòl la.

**Raindrops**

Raindrops, raindrops  
falling all around!  
Pitter-patter on the ground.  
Here is my umbrella.  
It will keep me dry!  
When I go walking in the rain,  
I hold it up so high.  
Pitter-patter, raindrops  
Falling from the sky!  
Here is my umbrella  
to keep me safe and dry!  
When the rain is over  
And the sun begins to glow,  
Little flowers start to bud  
And grow, and grow, and grow!  
- *Anonymous*

**Pale epi Li**  
**(20 minit)**

**Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Sou ki sa w panse liv sa a pral pale?
- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?
- Ki pèsonaj ou pi renmen?

**Langaj**

**Son Premye Lièt yo Fè:**

Sèvi avèk materyo ou te kolekte semèn pase a oswa rasanble kèk materyo varye ou jwenn toupatou lakay ou. Mande pitit ou an pou l chwazi yon materyèl, pou l di w non li, epi pou l di w lièt/son li kòmanse avè l lan. Pa egzanp, "Rock kòmanse avèk R epi l fè son /r/."

## Matematik

### **Pwoblèm Ekri sou Dwèt:**

Di pitit ou an pou l rezoud kèk pwoblèm adisyon senp avèk dwèt li. Di, “Èske w ta renmen achte twa machin jwèt ansanm avèk de (2) kamyon.” Mande, “Konbyen oto sa fè antou?” Gide pitit ou an pou l montre w twa dwèt sou yon men epi de (2) dwèt sou lòt men an epi ajoute yo ansanm. Eseye kèk pwoblèm diferan.

### **Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Konbyen sa fè antou?
- Kòman w fè konnen?

## Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou lonbraj ak refleksyon.

Lendi \_\_\_\_ Madi \_\_\_\_ Mèkredi \_\_\_\_ Jedi \_\_\_\_ Vandredi \_\_\_\_ Samdi \_\_\_\_ Dimanch \_\_\_\_

### Liv n ape li lekòl la:

*The Puddle Pail* ekriyen: Elisa Kleven  
*Dreams* ekriyen: Ezra Jack Keats

### Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

*Guess Whose Shadow?* ekriyen: Stephen R. Swineburne

## Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epi ou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “Yon **reflè** se yon imaj yon bagay klere fòmè.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Ki pati ou pi renmen nan istwa *Dreams* la? Poukisa?”